

BAB III METEDOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Metode Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadèskripsikeun pangaweruh jeung kamampuh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung dina nyusun kalimah salancar jembar sarta ngadèskripsikeun korèlasi antara dua variabel ieu.

Luyu jeung éta tujuan, dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode dèskriptif. Métode dèskriptif nya éta salah sahiji métode anu dipakè pikeun ngarèngsèkeun masalah anu aktual ku jalan nyieun papasingan, ngumpulkeun, nganalisis, jeung napsirkeun data (Surakhmad, 1985: 143). Umumna panalungtikan dèskriptif mangrupa panalungtikan non-hipotèsis. Ku kituna, salian ti métode deskriptif, métode sèjénna anu digunakeun oge nya éta métode korèlasi pikeun ngarumuskeun hipotèsis sarta nalungtik hubungan dua variabel anu aya dina ieu panalungtikan.

Métode korèlasional nya éta studi anu nalungtik hubung dua variabel atawa leuwih, utamana ngukur variasi dina hiji variabel tumali jeung dina variabel sèjén. Ukuran anu digunakeun pikeun ngukur derajat korèlasi linier biasana disebut koèfisièn korèlasi (Correlation coefficient) nu dinotasikeun ku hurup "r" atawa tanda baca ρ (baca: rho). Gedèna koèfisièn korèlasi aya diantar -1 jeung +1 atawa $(-1 \leq r \leq +1)$.

$r = +1$, hartina aya korèlasi positif sampurna antara variabel X jeung variabel Y.

$r = -1$, hartina aya korèlasi negative sampurna antara variabel X jeung variabel Y.

$r = 0$, hartina euweuh korèlasi antara X jeung Y.

Dina ieu panalungtikan, tèknik korèlasi anu digunakeun nya éta teknik korèlasi *product moment*. Tèknik korèlasi *product moment* mangrupa salah sahiji tèknik pikeun nèangan tingkat pageuhna hubungan antara dua variabel ku cara ngalikeun momen-momen ka dua variabel éta. Korèlasi *product moment* sering disebut korèlasi Pearson.

3.2. Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir kana ieu panalungtikan, perlu aya sababaraha istilah nu kudu dihartikeun, di antarana baè:

- a. Korèlasi nya éta hubungan antara variabel nu hiji (X) jeung variabel anu liana (Y) dina panalungtikan. Hubunganana natalikeun antara pangaweruh kalimah salancar jembar (variabel X) jeung kamampuh nyusun (variabel Y) kalimah salancar jembar (variabel Y), kalayar makè rumus:
- b. Pangaweruh kalimah salancar jembar, nya éta tingkat kanyaho jeung pamahaman ngagunakeun tiori ngeunaan kalimah salancar jembar siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung.
- c. Kamampuh nyusun kalimah salancar jembar, nya éta tingkat aplikasi siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung kana kalimah salancar jembar.
- d. SMP Negeri 20 Kota Bandung, mangrupa salah sahiji lembaga pendidikan milik pamaréntah anu aya di Kota Bandung.

Jadi nu dimaksud Korèlasi Antara Pangaweruh jeung Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar Siswa Kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung téh nya éta hubungan antara kanyaho jeung pamahaman sarta aplikasi siswa SMP Negeri 20 Kota Bandung kana kalimah salancar jembar.

3.3. Tèknik Panalungtikan

Tèknik panalungtikan mangrupa salah sahiji prosèdur nu kudu dipilampah kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal.

Dina ngahontal éta tujuan, aya unsur panalungtikan anu penting nya éta nu mangrupa data pikeun dianalisis. Ku kituna, diperlukeun tèknik ngumpulkeun data nu rélevan. Tèknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta teknik tès.

Tèknik tès digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar. Tèknik tès nu digunakeun dina ieu panalungtikan wangunna tès obyèktif jeung tès subyèktif (tès uraian).Tèhnik nu digunakeun dina ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta tèhnik analisis statistik.

3.4. Nangtukeun Ukuran Sampel

Populasi dina ieu panalungtikan téh nya éta sakabèh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung anu lobana salapan kelas, nu total siswana aya 380 jalma. Sangkan leuwih jèntrè titènan tabel di handap ieu:

No.	Kelas	Jumlah Siswa
1.	IX A	43
2.	IX B	43
3.	IX C	42
4.	IX D	42
5.	IX E	42
6.	IX F	44
7.	IX G	39
8.	IX H	42
9.	IX I	43
	Jumlah	380

Tabel III. 1
Populasi Siswa

Pikeun nangtukeun sampel digunakeun tèknik random. Sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas IX F SMP Negeri 20 Kota Bandung anu dianggap ngabogaan sipat homogèn dimana mibanda karakteristik anu sarua jeung sakabèh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung. Kelas IX F téh kabèhna aya 44 siswa anu ngawengku 24 lalaki jeung 20 awèwè.

3.5. Instrumèn Panalungtikan

3.5.1. Nyusun Instrumèn Panalungtikan

Instrumèn panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data supaya pagawèanna leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadè, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sahingga gampang pikeun diolahna (Suharsimi, 1998:51).

Lèngkah-lèngkah dina nyieun instrumen téh nya éta:

1. ngarumuskeun indikator nu hayang di hontal;

2. nyusun kisi-kisi soal;
3. nyusun item-item soal dumasar kana kisi-kisi jeung indikator nu geus dirumuskeun;
4. nyieun jawaban tina item-item soal nu dijieun, pikeun tès pilihan ganda;
5. uji-coba, boh dina skala leutik boh skala gede;
6. nganalisis hasil, validitas, reliabilitas, tingkat babari-hèsèna jeung tingkat daya pangbèda; jeung
7. ngayakeun rèvisi kana item-item soal nu kurang hade dumasar kana hasil uji-coba.

Dina ieu panalungtikan, data anu diperlukeun tèh mangrupa dèskripsi ngeunaan pangweruh jeung kamampuh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung dina ngagunakeun konsèp kalimah salancar jembar. Ku kituna, instrumèn anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data tèh nya éta instrumen nu mangrupa tès hasil diajar tiori kalimah salancar jembar dina wangun tès obyèktif jeung tès subyèktif (tès uraian). Instrumèn nu digunakeun pikeun ngukur pangaweruh ngeunaan kalimah salancar jembar tèh ngawengku 50 soal wangun pilihan ganda (*multiple choice*). Sedengkeun pikeun ngukur kamampuh nyusun kalimah salancar jembar digunakeun 50 soal tès uraian nu ngawengku soal nyieun kalimah salancar jembar, soal ngalengkepan kalimah, jeung soal ngalarapkeun kecap.

Sakumaha anu ditètélakeun di luhur, yèn saacan nyieun item-item soal, perlu dirumuskeun heula indikator nu hayang dihontal. Di handap ieu dipedar

indikator taraf kompetensi pangaweruh jeung kamampuh dina nyusun kalimah salancar jembar.

Tabèl III. 2
Indikator Taraf Kompetensi
Pangaweruh jeung Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Taraf Kompetensi	Indikator	
	Ciri Kalimah Salancar Jembar	Adegan Kalimah Salancar Jembar
Ingetan	Kamampuh nginget katerangan dina kalimah salancar jembar salaku unsur panambah jeung ciri utamana.	Kamampuh nginget unsur katerangan salaku salah sahiji fungsi dina kalimah salancar jembar
Pamahaman	Nafsirkeun harti masing-masing katerangan dina kalimah salancar jembar.	Nuduhkeun unsur katerangan dina kalimah salancar jembar.
Aplikasi	Nulis kalimah salancar jembar dumasar kana harti kateranganna.	Ngalarapkeun fungsi unsur katerangan dina kalimah salancar jembar kalawan bener.

Salian ti indikator, hal séjèn nu kudu dijieun tèh nya éta kisi-kisi soal tina instrumèn nu rèk digunakeun. Kisi-kisi soal diperlukeun sangkan soal nu bakal dijieun tèh puguh watesanna jeung leuwih bisa diarahkeun luyu jeung indikatorna. Kisi-kisi soal nu dimaksud tèh nya éta:

Tabèl III. 3
Kisi-kisi soal tès pangaweruh kalimah salancar jembar

No	Sub. Konsèp Kalimah salancar Jembar	Jumlah Item	Pangaweruh kalimah salancar jembar	
			Ingetan	Pamahaman
1.	Wangenan kalimah salancar jembar	3	1	4,5
2.	Ciri kalimah salancar jembar.	1	3	
	Harti katerangan dina kaliman			

	salancar jembar.			
	1. keterangan waktu			
	2. keterangan tempat	4	6	7,8,40
	3. keterangan tujuan	3	22	21,42
	4. keterangan cara	3	32	33,41
	5. keterangan panyarta	3	14	13,39
	6. keterangan alat	4	16	17,18,43
	7. keterangan babandingan	4	30	29,31,44
	8. keterangan panyabab	3	27	28,45
	9. keterangan pangiwal	3	24	25,46
	10. keterangan pangjumlah	3	20	19,47
	11. keterangan modalitas	4	10	9,12,48
	12. keterangan aspèk	4	35	34,36,49
		3	37	38,50
3.	Adegan kalimah salancar jembar	1	2	
	1. keterangan waktu			
	2. keterangan tempat	1		23
	3. keterangan tujuan			
	4. keterangan cara	1		15
	5. keterangan panyarta			
	6. keterangan alat			
	7. keterangan babandingan			
	8. keterangan panyabab	1		26
	9. keterangan pangiwal			
	10. keterangan pangjumlah	1		11
	11. keterangan modalitas			
	12. keterangan aspèk			
	Jumlah	50	15	35

Tabèl III. 4
Kisi-kisi soal tèsn kamampuh nyusun kalimah salancar jembar

No	Sub. Konsèp kalimah salancar jembar	Jumlah item	Kamampuh nyusun kalimah salancar jembar
			Aplikasi
1.	Ciri kalimah salancar jembar		
	Harti katerangan dina kalimah salancar jembar.		
	1. keterangan waktu	3	1,14
	2. keterangan tempat	3	2,13

	3. katerangan tujuan	2	3,15,27
	4. katerangan cara	3	4,17
	5. katerangan panyarta	2	5,19,30
	6. katerangan alat	3	6,16
	7. katerangan babandingan	2	7,20,29
	8. katerangan panyabab	3	8,23,28
	9. katerangan pangiwal	3	9,21
	10. katerangan pangjumlah	3	10,18
	11. katerangan modalitas	2	11,24,26
	12. katerangan aspèk	3	12,22,25
2.	Adegan kalimah salancar jembar Harti katerangan dina kalimah salancar jembar.		
	1. katerangan waktu	1	35,44
	2. katerangan tempat	1	32,43
	3. katerangan tujuan	2	34
	4. katerangan cara	1	33,45
	5. katerangan panyarta	2	36
	6. katerangan alat	1	37,46
	7. katerangan babandingan	2	39
	8. katerangan panyabab	2	40,48
	9. katerangan pangiwal	1	41,49
	10. katerangan pangjumlah	1	38,47
	11. katerangan modalitas	2	42
	12. katerangan aspèk	2	31,50
	Jumlah	50	50

3. 5. 2 Nguji Instrumèn Panalungtikan

Data ngabogaan posisi paling luhur dina panalungtikan, sabab data mangrupa dèskripsi variabel nu ditalungtik, jeung ngabogaan fungsi salaku alat pikeun ngabuktikeun hipotèsis. Ku sabab kitu, bener henteuna data nangtukeun mutu-henteuna hasil panalungtikan. Sedengkeun bener-henteuna data gumantung kana hadè-henteuna instrumen pangumpul data. Suharsimi Arikunto nètélakeun:

“instrumen yang baik harus memenuhi persyaratan penting yaitu valid dan reliable.”

Ku kituna, pikeun nganyahokeun valid atawa réliabel-henteuna instrumen, kudu aya uji validitas jeung réliabilitas instrumén.

3.5.2.1. Nguji Validitas Soal

Hiji instrumén disebut valid lamun éta instrumén tèh bisa ngukur naon nu rèk diukur. Nguju validitas soal maké rumus korèlasi product moment kalawan angka kasar saperti di handap ieu:

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum X^2 - (\sum X)^2\} \{N \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

r_{xy} = koèfisièn korèlasi antara variabel X dan variabel Y, dua variabel nu dikorèlasikan

Hasil tina koèfisièn dikonsultasikeun kana tabél harga kritik tabél product moment kalawan tingkat kapercayaan 5%. Kritèria nu digunakeun nya éta lamun $r_{itung} > r_{tabel}$, éta soal tèh dianggap valid.

Sanggeus kapanggih harga r_{xy} , tuluy ditafsirkeun kana kritèria validitas soal:

$0,80 < r_{xy} \leq 1,00 \rightarrow$ validitas luhur pisan

$0,60 < r_{xy} \leq 0,80 \rightarrow$ validitas luhur

$0,40 < r_{xy} \leq 0,60 \rightarrow$ validitas sedeng

$0,20 < r_{xy} \leq 0,40 \rightarrow$ validitas handap

$0,00 < r_{xy} \leq 0,20 \rightarrow$ validitas handap pisan

$r_{xy} \leq 0,00 \rightarrow$ henteu valid

Nguji validitas kalawan maké tabél saperti di handap ieu:

No Soal	$\sum X$	$\sum X^2$	$\sum XY$	r_{xy}	kritèria	Tafsiran
\sum						

a. Validitas Soal Pangaweruh Kalimah Salancar Jembar

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas soal pangaweruh kalimah salancar jembar kalayan maké tingkat kapercayaan 5%, $r_{tabel} = 0.312$, tina jumlah 50 item tèh katitèn aya 27 (54%) item soal nu valid nya éta soal nomer 2, 6, 9, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 22, 23, 24, 27, 28, 30, 32, 35, 37, 39, 42, 45, 46, jeung nomer 49. sedengkeun anu teu valid aya 23 (46%) item, nya éta soal nomer 1, 3, 4, 5, 7, 8, 10, 21, 25, 26, 29, 31, 32, 33, 36, 38, 40, 41, 43, 44, 47, 48, jeung 50.

b. Validitas Soal Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas soal kamampuh nyusun kalimah salancar jembar, tina 50 item soal katitèn: 34 (68%) item soal nu valid nya éta nomer 4, 5, 8, 9, 10, 13, 14, 16, 17, 18, 19, 26, 28, 29, 31, 32, 33, 34, 35, 36, 37, 38, 39, 40, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 49, jeung 50. Sedengkeun nu teu valid aya 16 (32%) item nya éta soal nomer 1, 2, 3, 6, 7, 11, 12, 15, 16, 17, 22, 23, 24, 25, 27, jeung soal nomer 28.

3.5.2.2. Nguji Réliabilitas

Réliabilitas instrumén nya éta keterapan alat évaluasi dina ngukur atawa ketetapan siswa dina ngajawab alat évaluasi éta. Réliabilitas instrumén aya

hubunganana jeung masalah kapercayaan. Ku kituna, uji reliabilitas dilaksanakeun pikeun nunjikeun yén éta instrumen téh bias dipercaya salaku alat pikeun ngumpulkeun data.

Lèngkah-lèngkah nguji reliabilitas instrumen dina ieu panalungtikan:

1. Nyieun taécl saperti di handap ieu.

RELIABILITAS PANGAWERUH KALIMAH SALANCAR JEMBAR

No. Soal	Skor total	X (skor awal)	Y (skor ahir)	X ²	Y ²	XY
Σ						

2. Ngitung korèlasi anantara skor-skor unggul belahan maké rumus *product moment*:

$$r_{1/2/2} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum X^2 - (\sum X)^2\} \{N \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

3. Ngitung koèfisièn reliabilitas sakabèh soal pangaweruh anu wangunna pilihan ganda maké rumus Spearman- Brown saperti di handap ieu:

$$r_{11} = \frac{2x_{1/2}}{(1 + r_{1/2/2})}$$

4. Pikeun soal kamampuh nyusun kalamh salancar jembar, ngitung koèfosièn reliabilitas maké rumus alpha saperti di handap ieu:

$$r_{11} = \left[\frac{k}{k-1} \right] \left[1 - \frac{\sum \sigma_b^2}{\sum \sigma_i^2} \right]$$

Keterangan : r_{11} = reliabilitas instrumen

$$k = \text{jumlah sakabéh soal}$$

$$\sum \sigma_b^2 = \text{jumlah varians tiap item}$$

$$\sigma_i^2 = \text{variens total}$$

Tabel reliabilitas soal kamampuh nyusun kalimah salancar jembar:

No.	Nomer Soal										Skor Total	Kuadrat skor total
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10		
jumlah												
jumlah kuadrat												

5. Nafsirkeun harga r kana indèks korèksi

$0,80 < r \leq 1,00 \rightarrow$ luhur pisan

$0,60 < r \leq 0,80 \rightarrow$ luhur

$0,40 < r_{xy} \leq 0,60 \rightarrow$ sedeng

$0,20 < r_{xy} \leq 0,40 \rightarrow$ handap

$0,00 < r_{xy} \leq 0,20 \rightarrow$ handap pisan

Harga r_{11} dikonsultasikeun jeung harga r_{tabel} . Lamun harga $r_{11} > r_{tabel}$ kalawan taraf signifikansi 5% hartina eta soal téh reliabel.

a. Reliabilitas Soal Pangaweruh Kalimah Salancar Jembar

Nguji koefisièn reliabilitas pangaweruh kalimah salancar jembar kalawan ngagunakeun téhnik belah dua. Téhnik belah dua nu digunakeun nya eta ku cara misahkeun hasil tès item skor awal (X) jeung skor ahir (Y).

Dumasar hasil ngitung reliabilitas makè rumus Spearman Brown, harga r_{11} soal pangaweruh kalimah salancar jembar tèh nya èta 0,804. harga èta tèh tuluy dikorèlasikeun kana tingkat kapercayaan 5% (0,312). Kabuktian yèn $r_{11} > r_{tabel}$. Ku kituna, èta soal tèh reliabel dina tingkat luhur pisan.

b. Reliabilitas Soal Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Dina ngitung reliabilitas soal kamampuh, digunakeun rumus Alpha. Dumasar kana hasil itungan, harga r_{11} ieu soal tèh nya èta 0,89. Kabuktian yèn r_{11} leuwih gedè tibatan r_{tabel} (0,312). Ku kituna soal tèh reliabel dina tingkat luhur pisan.

Luyu jeung tiori, yèn instrumèn pikeun panalungtikan tèh kudu reliabel, soal nu dijieun tèh kabuktian reliabel dina tingkat luhur pisan. Ku kituna, soal kamampuh tèh layak dijadikeun instrumèn panalungtikan.

3.5.5.3. Nguji Tingkat Babarina Soal

Nguji tingkat babarina soal pangaweruh (soal PG) digunakeun teknik skor kelompok unggul (SKU) jeung skor kelompok asor (SKA). Unggal kelompok jumlahna nya èta 27% tina jumlah total sample. Dina ieu panalungtikan jumlah total sample pikeun uji instrumen tèh nya èta 40 siswa, jadi $27\% \times 40 = 10,8 \approx 11$

Rumus nu digunakeun nya èta .

$$THB = \frac{SKU + SKA}{N}$$

Katerangan : THB = rasio hèsè babarina hiji soal

SKU = skor kelompok unggul

SKA = skor kelompok asor

N = 27% (jumlah kel. Unggul + kel. Asor)

Tabel nu digunakeun dina ngitung tingkat babarina soal nya èta:

Tingkat Hèsè Babarina Soal Pangaweruh Kalimah Salancar Jembar

No. Soal	SKA	SKU	THB	Keterangan

Pikeun nguji tingkat babarina soal kamampuh nyusun kalimah salancar jembar dina wangun uraian, digunakeun rumus:

$$THB = \frac{S_h + S_l - (2N \times Skor_{min})}{2N(Skor_{maks} - Skor_{min})}$$

(Nurgiyantoro, 1995: 147)

Keterangan : S_h = jumlah skor kelompok unggul
 S_l = jumlah skor kelompok asor
 $Skor_{maks}$ = skor maksimal hiji soal
 $Skor_{min}$ = skor minimal hiji soal
 N = jumlah responden kel. unggul atawa kel. asor

Format tabèl nu digunakeun pikeun nganalisis tingkat hèsè babarina soal uraian saperti di handap icu:

No Soal	S_h	S_l	THB	Keterangan

Sedengkeun pikeun nafsirkeun hèsè, babari atawa sedengna soal, digunakeun kritèria nurutkeun Arifin (1988: 133) nya èta:

0% - 27% → kaasup hèsè

27% - 72% → kaasup sedeng

72% - 100% → kaasup babari

a. Tingkat Babarina Soal Pangaweruh Kalimah Salancar Jembar

Hasil ngitung hèsè babarina soal katitèn soal anu hèsè aya 3 (6%) item nya èta soal nomer 3, 36, jeung 50. Soal anu kaasup sedeng aya 14 (28%) item nya èta soal nomer 1, 2, 5, 10, 13, 15, 16, 18, 19, 30, 35, 37, 38, jeung 49. Sedengkeun soal nu kaasup babari aya 33 (66%) item, nya èta nomer 4, 5, 7, 8, 9, 11, 12, 14, 17, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 31, 32, 33, 34, 36, 39, 40, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, jeung 50.

b. Tingkat Babarina Soal Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Sanggeus ngitung tingkat hèsè babarina soal kamampuh nyusun kalimah salancar jembar, katitèn aya 31 (62%) item soal nu kaasup hèsè nya èta soal nomer 4, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 32, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 49, jeung 50. Sedengkeun nu kaasup kategori sedeng aya 19 (38%) item, nya èta soal nomer 1, 2, 3, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 31, 33, 34, 35, 36, 37, 38, 39, jeung 40.

3.5.5.4. Nguji Tingkat Daya Pangbèda

Ngitung daya pangbèda soai, makè rumus:

$$TDP = \frac{SKU - SKA}{n}$$

Keterangan : TDP = rasio daya pangbeda hiji soai

SKU = skor kelompok unggul

SKA = skor kelompok asor

n = jumlah kelompok unggul jeng kelompok asor

Pikeun nafsirkeun tingkat daya pangbèda, dipakè Patoka ti Arikunto

(1990: 22) saperti di handap ieu:

0,00 – 0,20 → gorèng

0,20 – 0,40 → cukup

0,40 – 0,70 → alus

0,70 – 1,00 → alus pisan

< 1,00 → gorèng pisan (soal kudu dipiceun)

Format tabèl anu digunakeun dina nganalisis tingkat daya pangbèda soal saperti di handap ieu:

Tingkat Daya Pangbèda Soal Pangaweruh Kalimah Salancar Jembar

No Soal	SKA	SKU	TDP	Keterangan

Tingkat daya pangbèda soal uraian digunakeun rumus:

$$TDP = \frac{S_h - S_l}{N (Skor_{maks} - Skor_{min})}$$

Keterangan : S_h = jumlah skor benar kelompok unggul

S_l = jumlah skor benar kelompok asor

N = jumlah rèspondèn kelompok unggul jeung kelompok asor

Tabel nu digunakeun dina nganalisis tingkat daya pangbèda soal uraian nya éta:

Tingkat Daya Pangbèda Soal Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

No Soal	SKA	SKU	TDP	Keterangan
Jumlah				

a. Tingkat Daya Pangbèda Soal Pangaweruh Kalimah Salancar Jembar

Item soal nu hade nya éta item anu bias ngabédakeun antara kamampuh siswa nu luhur jeung nu asor. Tina hasil analisis daya pangbèda soal panageruh kalimah salancar jembar katitèn yèn nu kaasup soal nu cukup tèh aya 19 (38%) item, nya éta soal nomer 1, 2, 6, 10, 13, 14, 15, 16, 18, 19, 20, 22, 24, 32, 37, 42,

45, jeung 49. Item soal nu kaasup gorong aya 31 (62%) item nya eta nomer 3, 4, 5, 7, 8, 9, 11, 12, 17, 21, 23, 25, 26, 27, 28, 30, 31, 33, 34, 35, 36, 38, 39, 40, 41, 43, 44, 46, 47, 48, jeung 50.

b. Tingkat Daya Pangbèda Soal Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Hasil ngitung tingkat daya pangbèda soal kamampuh nyusun kalimah salancar jembar katitèn yèn soal nu kaasup kategori alus aya 3 (6%) item, nya eta soal nomer 46, 47, jeung 48. Soal nu kaasup cukup aya 11 (22%) item, nya eta nomer 5, 34, 36, 39, 40, 42, 43, 44, 45, 49, jeung 50. Sedengkeun soal anu gorèng aya 36 (72%) item, nya eta soal nomer 1, 2, 3, 4, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 31, 32, 33, 35, 37, 38, 41, 46, 47, jeung soal nomer 48

3. 6 Tèknik Ngolah Data

Pikeun ngolah data nu geus aya dilakukeun kalawan make lèngkah-lèngkah saperti di handap ieu:

a. Analisis Hasil tès

1. Ngitung skor atah kotor (SAK)

Ngitung skor atah kotor pikeun soal pangaweruh ku cara ngalikeun jumlah jawaban nu bener jeung bobot soal. Sedengkeun pikeun ngitung skor atah kotor jawaban soal kamampuh nyusun kalimah salancar jembar ku cara ngajumlahkeun sakabèh peunteun jawaban ti unggal soal.

2. Ngitung Skor Atah Bersih (SAB)

Ngitung skor atah bersih pikeun jawaban soal pangaweruh (pilihan ganda) ku jalan makè rumus saperti di handap ieu:

$$SAB = \sum B - \frac{\sum S}{n-1}$$

Keterangan: SAB → skor atah bersih

$\sum B$ → jumlah jawaban nu bener

$\sum S$ → jumlah jawaban nu salah

n → jumlah alternatif jawaban

Sedengkeun pikeun ngitung skor atah bersih (SAB) jawaban soal kamampuh (uraian) gumantung kana bobot peunteun tiap soalna. Soal uraian nu paréntahna nyieun kalimat salancar jembar kalawan rupa-rupa keterangan jeung soal ngalarapkeun frasa/ kecap skor maksimalna 3, kalawan makè kritèria:

- siswa anu bisa nyusun KSJ kalawan makè pola S-P+K+Pang./S-P+O+K dibère skor 3;
- siswa anu bisa nyusun KSJ kalawan makè pola S-P+K dibère skor 2;
- siswa anu bisa nyusun KSJ kalawan makè pola S-P+K tapi unsur ma'nana kurang padu dibère skor 1.

Sedengkeun pikeun soal ngalengkepan kalimat, skor maksimalna ngan 1.

3. Ngitung tahap kapercayaan tès: $MI = \frac{1}{2} x SI$

4. Ngitung Standar Deviasi Ideal (SDI)

$$SDI = \frac{1}{3} x MI$$

5. Ngalarapkeun skala 11

Tabel III. 5
Pedoman Konversi Pikeun Skala 11

Skala angka	Peunteun (ubahan skala)	Keterangan
$\bar{X} + 2,25$ (SDI)	10	Sampurna
$\bar{X} + 1,75$ (SDI)	9	Hadé pisan
$\bar{X} + 1,25$ (SDI)	8	Hadé
$\bar{X} + 0,75$ (SDI)	7	Cukup
$\bar{X} + 0,25$ (SDI)	6	Sedeng
$\bar{X} - 0,25$ (SDI)	5	Rada sedeng
$\bar{X} - 0,75$ (SDI)	4	Kurang
$\bar{X} - 1,25$ (SDI)	3	Kurang pisan
$\bar{X} - 1,75$ (SDI)	2	Gorèng
$\bar{X} - 2,25$ (SDI)	1	Goreng pisan

b. Analisis Korèlasi Antara Pangaweruh jeung Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Ngitung koèfisiènan korèlasi antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar kalawan make léngkah-léngkah saperti di handap kieu:

1. Ngitung korèlasi maké rumus:

$$R_{xy} = \frac{\sum XY}{\sqrt{(\sum X^2)(\sum Y^2)}}$$

Keterangan: r_{xy} = koèfisiènan korèlasi

$\sum XY$ = jumlah produk X jeung Y

$\sum X^2$ = jumlah kuadrat peunteun X

$\sum Y^2$ = jumlah kuadrat peunteun Y

Sabada ngitung r_{xy} tuluy diinterpretasikeun kana harga r_{xy} di handap ieu:

0,80 – 1,00 → luhur pisan

0,60 – 0,80 → luhur

0,40 – 0,60 → cukup

0,20 – 0,40 → handap

0,00 – 0,2 → handap pisan

2. Nguji Hipotèsis

Nguji hipotèsis ngagunakeun rumus :

$$t_{itung} = r \frac{\sqrt{n-2}}{\sqrt{1-r^2}}$$

Kritèria nguji hipotèsis nya èta lamun $t_{itung} \geq t_{tabel}$ dina taraf signifikansi 5%, hartina aya korèlasi nu hadé antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar. Sabalikna lamun $t_{itung} \leq t_{tabel}$ hartina taya korèlasi antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar.

